**दिन–बुधवार** **दिनांक–02.09.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्य मंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे **जांच आओर उपचार–चिकित्सा आपके द्वार** अभियानक अंतर्गत तीस वर्ष सँ बेसी आयु वर्गक छओ करोड़ लोक सभक स्क्रीनिंग कयल जायत। आइ पटनामे अभियानक शुरुआत करैत श्री चौधरी कहलनि जे अभियानक अंतर्गत प्राप्त आँकड़ा सभकेँ आभा पोर्टल पर अपलोड कयल जायत। एहि अवसर पर स्वास्थ्य मंत्री निशांत कहलनि जे अभियानक अंतर्गत चौदह हजार पाँच सय स्वास्थ्य केंद्र सभ पर मधुमेह, उच्च रक्तचाप आ कैंसर जकाँ गैर–संचारी रोग सभक पहचान कयल जायत। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री सभ जिलाक लेल स्वास्थ्य जागरूकता रथ कैँ हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। ई अभियान तीस नवंबर धरि चलत। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव तथा स्वास्थ्य मंत्री निशांत सेहो उपस्थित छलाह।

---

राज्य सरकार शहरी क्षेत्र सभमे आधारभूत संरचना सभक विकासक लेल मुख्यमंत्री शहरी समग्र विकास योजनाक अवधि वित्तीय वर्ष दू हजार तीस–एकतीसक लेल विस्तारित कऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षतामे राज्य मंत्रिपरिषदक बैसकमे एहि आशयक प्रस्तावकेँ स्वीकृति देल गेल। कैबिनेट बिहार स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजनाकेँ सेहो आगिला पाँच वर्ष धरि विस्तारित करबाक निर्णय कयलक अछि। संगहि बिहार राज्य शिक्षा वित्त निगमक माध्यम सँ योजनाक अंतर्गत पहिने जकाँ चारि लाख टाका धरिक राशि उपलब्ध कराओल जायबाक प्रक्रिया आ व्यवस्थाकेँ मंजूरी देल गेल। कैबिनेट स्वतंत्रता सेनानी पंडित राजकुमार शुक्ल के जयंती हरेक वर्ष तेईस अगस्तकेँ पश्चिम चंपारण जिलामे, जखनकि अमर शहीद रामफल मंडलक शहादत दिवस तेईस अगस्तकेँ सीतामढ़ी जिलामे राजकीय समारोहक रूपमे मनाओल जायबाक प्रस्तावकेँ स्वीकृति प्रदान कयलक अछि। एक आन निर्णयमे कैबिनेट बिहार राज्य बकरी पालक सहकारी परिसंघ के गठनकेँ स्वीकृति देलक। बैसक मे कुल सत्ताईस प्रस्ताव पर मोहर लागल।

---

प्रदेशमे बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल अछि। गंगा, गंडक आ कोसी के बाद सोन नदीक जलस्तरमे वृद्धि भेला सँ मध्य आ दक्षिण बिहारक कतेको इलाका प्रभावित भेल अछि। रोहतासमे बाणसागर डैम सँ पानि छोड़ल गेला के बाद इंद्रपुरी बराजक सभ उनहत्तरि फाटक खोलि देल गेल अछि। लगभग पाँच लाख बासठि हजार क्यूसेक पानिक डिस्चार्ज दर्ज कयल गेल अछि। नौहट्टा, तिलौथू, डेहरी आ नासरीगंजमे माइकिंग कऽ लोक सभकेँ सतर्क कयल जा रहल अछि। कैमूरमे दुर्गावती जलाशय के सभ फाटक खोलि देल गेलासँ दुर्गावती आ कर्मनाशा सहित कतेको नदी उफान पर अछि। कुदरा के लऽग दू पुल डूबि गेल अछि। औरंगाबाद आ जहानाबादमे सेहो कतेको गाम बाढ़िसँ प्रभावित अछि। एम्हर, गंगाक पानि भागलपुर, खगड़िया, समस्तीपुर, पटना, बक्सर, भोजपुर आ वैशाली जिलाक नीचुलका इलाका सभमे पसरि गेल अछि। पटनाक भद्र घाट, नौजर घाट आ महावीर घाट पर आवागमन रोकि देल गेल अछि तथा ओतऽ एसडीआरएफक टीम तैनात कयल गेल अछि। एहि दरमियान, जल संसाधन विभाग सभ तटबंध पर निगरानी बढ़ा देलक अछि आ बाढ़ि सुरक्षात्मक काज युद्धस्तर पर कयल जा रहल अछि। स्थानीय प्रशासनक दिस सँ बाढ़ि प्रभावित लोक सभक लेल राहत आ बचाव काज चलाओल जा रहल अछि।

————————————————————

झारखंडक ऊपर बनल निम्न दबावक क्षेत्र के प्रभाव सँ प्रदेशक बेसीतर भाग मे लगातार वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे राज्यक दक्षिणी भाग सभमे कतेको ठाम भारी वर्षा दर्ज कयल गेल। औरंगाबादक ओबरा मे सभ सँ बेसी एक सय पैंतीस दशमलव आठ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमानमे कहल गेल अछि जे काल्हि अररिया, किशनगंज, कैमूर, गया, रोहतास आ सीवान जिलामे भारी वर्षा हेबाक संभावना अछि। एहि दरमियान कतेको स्थान पर अन्हर आ ठनका के चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

————————————————————

पूर्व मुख्य मंत्री दारोगा प्रसाद राय के जयंतीक अवसर पर हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल जा रहल अछि। पटनामे आयोजित राजकीय समारोहमे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य उपस्थित छलाह। एम्हर, दारोगा प्रसाद राय के जयंती पर छपरामे सेहो श्रद्धांजलि कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति पुस्तकालय अध्यक्ष पात्रता परीक्षाक कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। ई परीक्षा उन्नैस नवंबर सँ दस दिसंबरक मध्य आयोजित कयल जायत। ऑनलाइन आवेदनक तिथि एक अक्टूबर सँ एक्कैस अक्टूबर धरि निर्धारित कयल गेल अछि। पात्रता परीक्षाक परिणाम दिसंबर मासक अंतिम सप्ताहमे प्रकाशित कयल जायत।

——————————————————————

नेपालक जनकपुर सँ अयोध्याक मध्य आगिला वर्ष अप्रील सँ 'रामायण सर्किट' ट्रेनक परिचालन शुरू होयबाक संभावना अछि। एहि संबंधमे जयनगरमे भारत आ नेपालक अधिकारी लोकनिक एक उच्च स्तरीय बैसक भेल। बैसकमे ट्रेनक परिचालन, रखरखाव, यात्री सुविधा आ सुरक्षा–व्यवस्था पर मुख्य रूप सँ चर्चा कयल गेल।

——————————————————————

समाप्त